



Infant & Toddler Connection of Virginia

Fòm Kontra Pri Pou Fanmi An Pataje

_____ Inisyal _____ Revize

Non Timoun Nan: _____ Dat Nesans: _____

Mwen konprann gen yon frè pou peye pou sèvis pitit mwen an ap resevwa yo. Mwen kapab chwazi pou m pa bay enfòmasyon finansyèl mwen epi peye tout kopeman, ko-asirans, dediktib, ak/ou tout lajan pou sèvis entèvansyon bonè asirans la pa kouvri yo. Si bagay sa yo ap difisil pou m peye, mwen ka bay enfòmasyon finansyèl mwen pou detèmine yon maksimòm limit pou peye chak mwa, ki baze sou sistèm pri pou fanmi an pataje a. Mwen kapab chwazi swa pou itilize oswa pou pa itilize asirans medikal mwen pou peye pou sèvis entèvansyon bonè.

POU ITILIZE ASIRANS MEDIKAL (chwazi tout sa ki gen pou wè ak sityasyon pa w)

- ☐ **Pa Gen Asirans:** Pitit mwen an pa gen okenn asirans medikal ki kouvri li.
- ☐ Mwen vle kowòdonatè sèvis la ede w aplike pou Medicaid pou li.
 - ☐ Mwen vle kowòdonatè sèvis la ede m aplike pou Aksè Familyal nan Plan Sekirite Asirans Medikal (FAMIS)
 - ☐ Mwen deja ap fè demach pou aplike pou Medicaid oswa FAMIS
- ☐ **Asirans Sante (Medikal):** Pitit mwen an gen asirans medikal ki kouvri li. (Si w seleksyone sa a, chwazi youn)
- ☐ Nou dwe voye bòdwo a bay asirans mwen pou sèvis ki kouvri yo. Mwen dakò pou peye nenpòt ko-peman, ko-asirans, dediktib ak/ou sèvis ki pa kouvri fason li endike pou peye **FRÈ** yo ki pi ba a.
 - ☐ Nou PA dwe voye bòdwo a bay asirans mwen pou **FRÈ** ki kouvri yo. Mwen dakò pou peye pou sèvis yo fason li endike pou peye **FRÈ** yo ki pi ba a.
- ☐ **Medicaid/FAMIS:** Pitit mwen gen Medicaid ou FAMIS epi m konprann y ap voye bòdwo bay Medicaid/FAMIS pou sèvis ki kouvri yo.

VERIFIKASYON KOUVÈTI MEDICAID (Si pitit ou a pa gen Medicaid/FAMIS kounye a, chwazi youn)

- ☐ Mwen bay pèmasyon pou pwogram entèvansyon bonè lokal mwen verifye regilyèman si pitit mwen gen Medicaid oswa FAMIS.
- ☐ Mwen pa bay pèmasyon pou pwogram entèvansyon bonè lokal mwen verifye regilyèman si pitit mwen gen Medicaid oswa FAMIS

FRÈ (chwazi youn)

- ☐ **Tout Frè a Nèt:** Mwen pa vle bay enfòmasyon finansyèl nou. Mwen ap peye tout ko-peman, ko-asirans, dediktib, ak/ou tout ranbousman pou sèvis entèvansyon bonè asirans la pa kouvri yo.
- ☐ **Rabè** (Si w seleksyone sa a, chwazi youn)
- ☐ **Limit Chak Mwa:** Yo deja revize dokiman sou revni nou dwe peye taks sou li oswa yon estimasyon revni sa a. Sa a detèmine konbyen m ap peye. Mwen dakò pou peye frè jiska limit fanmi an gen pou peye chak mwa a, ki se \$_____, men li pa dwe depase sa.
 - ☐ **Demann pou anile frè** (Si w seleksyone sa a, chwazi youn):

____ Kantite limit pou m peye chak mwa jan li kalkile sou echèl frè nan pri pou fanmi an pataje difisil pou m peye. Limit pou m peye chak mwa a baze sou enfòmasyon finansyèl ki tache ak dokiman sa a, **OSWA**

____ Mwen pa ka bay dokiman sou swa revni nou dwe peye taks sou li oswa yon estimasyon revni sa a. Mwen tache yon kopi sous chèk mwen oswa yon deklarasyon ekri ki sètifye kantite revni mwen, ansanm ak nenpòt lòt enfòmasyon finansyèl an plis ki nesèsè.

Mwen dakò pou peye frè jiska limit fanmi an gen pou peye chak mwa a, ki se \$_____, men li pa dwe depase sa.
- ☐ **Medicaid/FAMIS/Okenn Revni:** Pitit mwen an kalifye pou Medicaid/FAMIS ak/oswa mwen pa gen okenn revni kounye a. Se sa ki fè mwen pa ka peye, epi fanmi mwen ap resevwa tout sèvis entèvansyon bonè pou pitit mwen an gratis. (Si w seleksyone sa a, chwazi youn)
- ☐ Yon kopi kat Medicaid/FAMIS tache ak fòm sa a **OU** _____ moun sa _____ te verifye kalifikasyon jou ki _____.
 - ☐ Mwen tache deklarasyon ekri mwen ak dokiman sa a ki sètifye mwen pa gen okenn revni.



Infant & Toddler Connection of Virginia

Fòm Kontra Pri Pou Fanmi An Pataje (paj 2)

_____ Inisyal _____ Revize

Non Timoun Nan: _____ Dat Nesans: _____

KONT DEPANS FLEKSIB (tout fanmi dwe koche ti kare ki pi ba a)

☐ Mwen konprann si mwen gen yon kont depans fleksib pou swen sante ki peye fanmi mwen oswa kote mwen resevwa sèvis la otomatikman pou depans ki pou soti nan pòch yo (pa egzanp ko-peman, ko-asirans, dediktib, eksetera), lè sa a limit pou peye chak mwa ki dokiman nan seksyon Frè pi wo a ap sèlman pou sèvis plan asirans sante mwen an pa kouvri yo, epi mwen responsab pou tout kantite nenpòt ko-peman, ko-asirans, ak dediktib asirans pou sèvis entèvansyon bonè jiskaske mwen itilize tout lajan ki nan kont depans fleksib mwen an.

- Kou mwen fin itilize tout lajan ki nan kont depans fleksib mwen an, limit pou peye chak mwa a ap kouvri tout sèvis ki nan lis sou IFSP (Plan Sèvis Pèsonalize Pou Fanmi) pitit mwen an.
- M ap kontakte kowòdonatè sèvis mwen an pou di li lè pa gen lajan ki rete sou kont depans fleksib mwen an oswa si mwen pa ka chanje kont depans fleksib mwen an pou li peye fanmi mwen oswa konpayi ki ofri sèvis la otomatikman ankò.
- Règ sa a pa konsène mwen si se ranbousman mwen resevwa pou kont depans fleksib mwen an (pa egzanp, mwen bezwen soumèt dokiman pou resevwa lajan nan kont depans fleksib mwen an) oswa si mwen gen yon kat debi kont depans fleksib pou peye depans tankou ko-peman, ko-asirans ak dediktib.

DEKLARASYON POU DI OU DAKÒ EPI OU KONPRANN

- Mwen te resevwa yon kopi Avi Sou Dwa ak Pwoteksyon Timoun ak Fanmi ansanm ak Enfòmasyon Sou Pri Pou Fanmi An Pataje.
- Mwen dakò pou kontakte kowòdonatè sèvis mwen pou di li si gen nenpòt chanjman nan enfòmasyon finansyè mwen pou detèmine konbyen m ap gen pou peye pou sèvis entèvansyon bonè, ansanm ak nenpòt chanjman ki genyen ak asirans oswa Medicaid/FANMIS pitit mwen an. Epi tou mwen konprann mwen dwe kontakte kowòdonatè sèvis mwen an si nenpòt moman m gen nenpòt kesyon oswa mwen enkyete sou pwosesis pri pou fanmi an pataje a ak/ou pri pou sèvis entèvansyon bonè yo. Mwen kapab depoze yon plent administratif, mande yon medyatè pou ede jwenn yon solisyon, ak/ou kòmanse yon jijman san patipri si nou pa ka rezoud dezakò konsènan frè a nan yon nivo lokal.
- Mwen konprann y ap ban mwen yon avètisman ekri omwen 30 jou davans si ta gen nenpòt chanjman nan plan frè kote ki bay sèvis entèvansyon bonè mwen an.
- Mwen konprann si mwen pa peye frè mwen dwe yo, yo gendwa sispann bay mwen sèvis. Avan yo sispann bay mwen sèvis, kowòdonatè sèvis mwen an ap kontakte m.
- Mwen konprann y ap itilize demach woutin pou rekipere lajan mwen dwe a, epi yo kapab itilize yon ajans koleksyon pou fè sa.
- Mwen te resevwa yon kopi frè konplè sèvis entèvansyon bonè yo.
- Mwen te li, konprann epi ap respekte kondisyon yo ki nan kontra sa a. Mwen sètifye tout enfòmasyon mwen bay sou sitiyasyon finansyè mwen konplè ak egzat dapre tout konesans mwen.

Siyati Paran Oswa Moun Ki Responsab la

Dat

Siyati Manm Ekip la

Dat



Infant & Toddler Connection of Virginia

OTORIZASYON POU PATAJE ENFOMASYON AK BAY AVANTAJ

Non Timoun Nan: _____ Dat Nesans: _____

Nan dokiman sa a mwen menm, _____, otorize
Paran oswa moun ki responsab la

_____ pou:
Non kote k ap ofri sèvis entèvansyon bonè an (yo)

☒ bay konpayi asirans non li (yo) nonmen pi ba a enfòmasyon ki nesèsè ak pou
☒ mande konpayi asirans non li (yo) nonmen pi ba a enfòmasyon ki nesèsè:

Non Konpayi Asirans La (Yo)

Enfòmasyon ki nesèsè gen ladan dyagnostik yo fè sou pitit mwen an, dat sèvis ak kalite sèvis ak tout lòt enfòmasyon ki nesèsè pou travay reklamasyon asirans pou peman bay ajans sa a. Mwen dakò pou pataje enfòmasyon sa a epi mwen konprann mwen ka anile konsantman mwen nenpòt kilè. Pou fè sa m ap voye yon avi ekri bay kote ki bay pitit mwen an sèvis entèvansyon bonè a (yo). Y ap anile konsantman an menm dat yo resevwa avi a.

Mwen otorize pou nenpòt peman avantaj asirans ale dirèkteman bay:

Non Kote k ap ofri sèvis entèvansyon bonè a (yo)

Siyati Paran Oswa Moun Ki Responsab la

Dat

Siyati Manm Ekip la

Dat